

**INTERFERENSI LEKSIKAL BASA INDONESIA
SALEBETING BASA JAWI ING TEKS DESKRIPSI SISWA KELAS XII
MIPA SMA NEGERI KEBUMEN**

TESIS

Kangge Anjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Megister Pendidikan
Program Studi Pendidikan Bahasa



Kaanggit Dening

NURUL ANWARI

NIM. 2081100026

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN
2022**

PASARUJUKAN

**INTERFERENSI LEKSIKAL BASA INDONESIA
SALEBETING BASA JAWI ING TEKS DESKRIPSI SISWA KELAS XII
MIPA SMA NEGERI 1 KEBUMEN**

Kaanggit Dening

Nurul Anwari

NIM. 2081100026


Sampun pikantuk pasarujukan dening Pamong

Pamong I

Tanda Tangan

Tanggal


Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum



09-08-2022

NIP. 19600412 198901 1 001

Pamong II



04-08-2022

Dr. Tukiyo, M. Pd

NIK. 690889111

Kauninga

Ketua Program Pendidikan Bahasa



Dr. D. B Putut Setiyadi, M.Hum





NIP. 19600412 198901 1 001

PENGESAHAN

INTERFERENSI LEKSIKAL BASA INDONESIA
SALEBETING BASA JAWI ING TEKS DESKRIPSI SISWA KELAS XII
MIPA SMA NEGERI 1 KEBUMEN

Kaanggit Dening:
Nurul Anwari
NIM 2081100026


Sampun dipunsarujuki lan dipun sahaken dening Tim Panguji
Ing titiwanci surya kaping, 13 Agustus 2022

Jabatan	Nama	Tanda Tangan	Tanggal
Ketua	Dr. Agus Yuliantoro, M. Hum. NIP. 195910041986031002		31-8-2022
Sekretaris	Dr. Hersulastuti, M. Hum. NIP. 196504211987032002		31-08-2022
Penguji I	Dr, D.B. Putut Setiyadi, M. Hum NIP. 19600412 198901 1 001		31/8/2022
Penguji II	Dr. Tukiyo, M. Pd. NIK. 690889111		31-08-2022

Kauningan,



Ketua Program Pendidikan Bahasa


Dr. D. B. Putut Setiyadi, M.Hum
NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingang tapak asma ing ngandhap menika:

Nama : Nurul Anwari

NIM : 2081100026

Jurusan/Program Studi: Pendidikan Bahasa/ Pascasarjana

Fakultas : Program Magister

mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun,

Judul : **INTERFERENSI LEKSIKAL BASA INDONESIA**

SALEBETING BASA JAWI ING TEKS DESKRIPSI


SISWA KELAS XII MIPA SMA NEGERI 1 KEBUMEN

menika seratan kula piyambak. Perkawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting tesis menika dipunsukani tandha sitasi lan dipunlebetaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula menika mboten leres, kula sagah nampi sanksi akademik inggih menika batalipun gelar Megister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, 4 Agustus 2022

Ingang damel pratela



Nurul Anwari

MOTTO

"Tansah elilinga dhumateng Gusti nalika gesang menika mboten jumbuh kaliyan ingkang dipunkarepaken. Gusti mesthi kagungan margi ingkang langkung sae kagem panjenengan"

"Gadhah gegayuhan kedah inggil kados dene langit ing angkasa, supados nalika panjenengan dhawah taksih wonten mega ingkang badhe ngrangkul badan panjenengan"

(Nurul Anwari)

PISUNGSUNG

Tesis punika kula pisusungaken dhumateng:

1. Semah kinasih Retnayu Ika Prawestia lan anak-anak kula: Prasasta Candrawilasita Anwari, Shailendra Narayana Maheswara, Narendra Hafla Wijaya, ingkang tansah asung panjurung dhumateng pasinaon megister kula
2. Bapak Mastur Saleh lan Ibu Partinah (alm) minangka tiyang sepuh ingkang tansah paring donga dhumateng kula
3. Makyu kula Sri Wahyuni lan Mas Aris Munandar ingkang tansah paring panjurung dhumateng pasinaon megister kula
4. Ibu Wahyuni (almh) marasepuh minangka pangampingi lampah
5. Sdr. Eko Wahyudi, sdr. Hikmawati Prihatina, minangka kanca raket kula ingkang tansah nyengkuyung pasinaon kula
6. Para kadang ing kelas K Progam Pascasarjana Unwidha Angkatan 2020

ATUR PANGGLANTAR

Puji sukur konjuk wonten ngarsaning Gusti Inggang Maha Asih, karena lubering sih nugraha inggang agung wujud kekiyatan satemah ndayani panliti saged nyekapaken tesis inggang irah-irahanipun *Interferensi Leksikal Basa Indonesia salebeting basa Jawi ing Teks Deskripsi Siswa Kelas XII SMA Negeri 1 Kebumen*. Tesis punika kaserat minangka satunggaling sarat kangge nggayuh drajat Magister Pendidikan, Program Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten.

Panliti hangaturaken agunging panuwun dhumateng panjenenganipun:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd. Rektor Universitas Widya Dharma Klaten inggang sampun paring fasilitas lan kalodhangan ndherek sinau ing PPs Unwidha Klaten.
2. Dr. Agus Yuliantoro, M. Hum, Direktur Program Pascasarjana Widya Dharma Klaten, inggang sampun paring idi lan kalodhangan ngadani panaliten.
3. Dr. D. B. Putut Setiyadi, M.Hum, Ketua Prgram Studi Pendidikan Bahasa Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ugi minangka dosen pamong 1 inggang paring panjurung nyekapaken tesis punika.
4. Dr. Tukiyo, M.Pd, minangka dosen Pamong 2, inggang tansah paring panjurung nyekapaken tesis punika.
5. Dr. Hersulastuti, M.Hum, sekretaris Program studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten inggang paring panjurung satemah tesis punika saged cekap.

6. Bapak saha Ibu Dosen Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ingkang paring wawasan lan kawruh minangka sangu ngadani panaliten punika.
7. Sedaya pihak ingkang boten saged kula sebat asma setunggal mbaka setunggal ingkang sampun mbiyantu cekapipun tesis punika.

Panaliti nglenggana bilih panaliten punika taksih kathah kekiranganipun, namung mekaten, ing pangajab sageda dados udhu sinaosa namung klungsu menggah piwulangan basa Jawi mliginipun materi teks deskripsi.

Kebumen, 1 Agustus 2022

Panaliti

DAFTAR ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN	iii
PRATELA	iv
MOTTO.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
ATUR PANGLANTAR.....	vii
DAFTAR ISI	ix
DAFTAR SINGKATAN	xii
DAFTAR TABEL.....	xiii
DAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARIPATHI.....	xiv
ABSTRAK	xv
<i>ABSTRACT</i>	xv
BAB I PURWAKA	1
A. Lelarahaning Perkawis	1
B. Identifikasi Perkawis	5
C. Piwatesing Perkawis.....	6
D. Rumusaning Perkawis	7
E. Ancasing Panaliten.....	7
F. Mumpangating Panaliten	7
BAB II LELAMBARANING TEORI.....	9
A. Lelambaran Teori	9

1. Pengertosanipun Sosiolingustik.....	9
2. Kedwibahasaan.....	10
3. Dwibahasawan.....	12
4. Kontak Bahasa.....	13
5. Alih Kode.....	14
6. Campur Kode.....	16
7. Interferensi.....	19
a. Pengertenipun Interferensi.....	19
b. Jinis - Jinis Interferensi.....	21
1) Interferensi Fonologi.....	22
2) Interferensi Morfologi.....	23
3) Interferensi Sintaksis.....	25
4) Interferensi Leksikal.....	28
8. Perkawis-Perkawis Ingkang Nyebabaken Interferensi.....	29
9. Karangan.....	31
B. Penelitian Ingkang Gayut.....	33
C. Raganganing Pamikir.....	35
BAB III METODE PENELITEN.....	39
A. Jinis Penelitian.....	39
B. Wekdal lan Papan Panaliten.....	39
C. Objek Panaliten.....	40
D. Teknik Ngempalaken Dhata.....	40
E. Instrumen Penelitian.....	41
F. Keabsahaning Dhata.....	44
G. Teknik Pangonceking Dhata.....	46
BAB IV ASILING PANALITEN LAN PANGONCEKIPUN.....	49
A. Asiling Panaliten.....	49

1. Wujud Interferensi Leksikal.....	49
1) Prefiksasi.....	51
2) Sufiksasi.....	56
3) Konfiksasi.....	63
4) Tembung Rangkep.....	79
2. Perkawis-Perkawis Ingkang Nyebabaken Interferensi Leksikal.....	81
1) Wujud Tembung Rangkep.....	79
2) Interferensi Tembung Dwilingga Wutuh.....	80
B. Pangoncekipun.....	83
1. Wujud Interferensi Leksikal.....	83
2. Perkawis-Perkawis Ingkang Nyebabaken Interferensi Leksikal.....	85
 BAB V PANUTUP.....	 89
A. Dudutan.....	89
B. Implikasi.....	92
C. Iguh Pratikel.....	93
 KAPUSTAKAN.....	 94
LAMPIRAN.....	96

DAFTAR SINGKATAN

- BI = bahasa Indonesia
BJ = bahasa Jawa
R = reduplikasi

DAFTAR TABEL

Kaca

1. Wujud Interferensi Leksikal Prefiks { m-}	53
2. Wujud Interferensi Leksikal Prefiks { di-}	54
3. Wujud Interferensi Leksikal Sufiks { -e}	57
4. Wujud Interferensi Leksikal Sufiks { -e}	59
5. Wujud Interferensi Leksikal Sufiks { -e}	60
6. Wujud Interferensi Leksikal Sufiks { -an}.....	62
7. Wujud Interferensi Leksikal Konfiks { di-/i}	64
8. Wujud Interferensi Leksikal Konfiks { di-/i }	66
9. Wujud Interferensi Leksikal Konfiks { N -/i }.....	68
10. Wujud Interferensi Leksikal Konfiks { N-/i }.....	70
11. Wujud Interferensi Leksikal Konfiks { N-/i }.....	72
12. Wujud Interferensi Leksikal Konfiks { M-/i }	74
13. Wujud Interferensi Leksikal Konfiks { di-/aken }	76
14. Wujud Interferensi Leksikal Konfiks { ke-/an }	78
15. Wujud Interferensi Leksikal Tembung Rangkep.....	80

DAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
Lampiran 1. Tabel Kertu Dhata Interferensi	96
Lampiran 2. Tuladha teks Deskripsi Siswa	105

SARIPATHI

Nurul Anwari, 2081100026, Interferensi Leksikal Basa Indonesia Salebeting Basa Jawi ing Teks Deskripsi Siswa Kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen, Tesis: Progam Pascasarjanan Universitas Widyadharma Klaten 2022.

Panaliten menika nggadhahi ancas kangge nggambaraken wujud interferensi leksikal basa Indonesia ing salebeting basa Jawi ing teks deskripsi siswa kela XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen lan perkawis-perkawis ingkang nyebabaken dumadosipun interferensi leksikal.

Panaliten menika minangka panaliten deskriptif kualitatif inggih menika panaliten ingkang ancasiipun nggambaraken wujud-wujud interferensi sarta perkawis ingkang nyebabaken. Obyek ing panaliten menika inggih menika teks deskripsi siswa kelas XII MIPA F lan G SMA Negeri 1 Kebumen. Panaliten menika munjeraken ing wujud-wujud interferensi leksikal sarta perkawis ingkang nyebabaken interferensi basa Indonesia salebeting basa Jawi ing teks deskripsi siswa. Dhata dipunkasilaken kanthi teknik observasi, dokumentasi lan wawanrembag. Dhata dipunanalisis migunakaken teknik padhan ingkang dipunjabaraken ing salebeting teknik dhasar migunakaken piranti panamtunipun inggih menika basa Indonesia. Asiling analisis dhata kaandharaken migunakaken metodhe deskriptif. Dene papan panaliten menika wonten ing SMA Negeri 1 Kebumen semester 1 taun piwucalan 2021/2022.

Asil panaliten nudhuhaken bilih interferensi leksikal ingkang kapanggihaken ing panaliten menika arupi interferensi leksikal tembung panyilih. Interferensi leksikal tembung panyilih dipunperang dados kalih inggih menika: interferensi leksikal tembung andhahan lan interferensi tembung rangkep. Perkawis ingkang nyebabaken interferensi kaperang dados gangsal inggih menika: 1) kedwibahasaan siswa, 2) pakulinan siswa ingkang langkung asring migunakaken basa Indonesia, 3) basa ingkang kaginakaken ing salebeting pasinaon langkung kathah migunakaken basa Indonesia, d) kirangipun kawruh ngengingi tetembungan basa Jawi, lan 5) cupetipun tetembungan basa Jawi ingkang dipunkuwasani.

Wosing kunci: *Interferensi leksikal, teks deskripsi, kedwibahasaan.*

ABSTRAK

Nurul Anwari, 2081100026, Interferensi Leksikal Basa Indonesia Salebeting Basa Jawi ing Teks Deskripsi Siswa Kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen, Tesis: Progam Pascasarjanan Universitas Widyadharma Klaten 2022.

Tujuan dari penelitian ini adalah untuk mendeskripsikan bentuk-bentuk interferensi leksikal bahasa Indonesia dalam bahasa Jawa pada teks deskripsi siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen beserta faktor-faktor yang menyebabkan terjadinya interferensi leksikal.

Penelitian ini merupakan penelitian deskriptif kualitatif yaitu penelitian yang bertujuan mendeskripsikan bentuk-bentuk interferensi yang ditemukan dalam teks deskripsi siswa beserta faktor-faktor yang menyebabkannya. Obyek pada penelitian ini adalah teks deskripsi siswa kelas XII MIPA F lan G SMA Negeri 1 Kebumen. Penelitian difokuskan pada bentuk interferensi bahasa Indonesia yang terjadi dalam pemakaian bahasa Jawa pada teks deskripsi siswa. Data diperoleh dengan teknik observasi, dokumentasi lan wawanrembag. Data dianalisis dengan teknik padan yang dijabarkan dalam satu teknik dasar dengan alat penentunya adalah bahasa lain yaitu bahasa Indonesia. Hasil analisis data disajikan dengan metode informal, yaitu dengan deskriptif. Sedangkan tempat penelitian ini berada di SMA Negeri 1 Kebumen pada semester 1 tahun ajaran 2021/2022.

Hasil penelitian menunjukkan bahwa interferensi leksikal yang terdapat dalam teks deskripsi siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen berupa interferensi leksikal kata pinjaman yang terdiri dari dua macam yaitu interferensi leksikal kata berimbuhan dan interferensi leksikal kata ulang. Faktor penyebab interferensi dibagi menjadi lima yaitu : (a) kedwibahasaan siswa, (b) kebiasaan siswa menggunakan bahasa Indonesia, (c) bahasa pengantar pembelajaran di sekolah lebih banyak menggunakan bahasa Indonesia, (d) pemahaman dan penguasaan kata-kata dalam bahasa Jawa yang rendah, dan (e) keterbatasan kosakata.

Kata kunci: *Interferensi leksikal, teks deskripsi kedwibahasaan.*

ABSTRACT

Nurul Anwari, 2081100026, Lexical Interference of Indonesian Languages in Javanese Language in Description Text of Students of Class XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen, Thesis: Postgraduate Program, Widyadharma University Klaten 2022.

The purpose of this study is to describe the forms of Indonesian lexical interference in Javanese especially in Description Text of XII MIPA class students of SMA Negeri 1 Kebumen and the factors that cause lexical interference.

This research is a descriptive qualitative research that aims to describe the kinds of interference found in the descriptive text written by the students and the factors that cause it. The object of this research is the descriptive text written by the students of the XII MIPA F and G Senior High School 1 Kebumen. The research focused on the kinds of Indonesian interference that used in the Javanese descriptive text written by the students. The data were obtained by reading and note-taking techniques. The data were analyzed using the equivalent technique which was described in one basic technique with other language as the measuring tool that is Indonesian. The results of data analysis are presented using an informal method that is descriptive. Meanwhile, the place of this research is at Senior High School 1 Kebumen in the first semester of the 2021/2022 academic year.

The results showed that the lexical interference contained in the description text of the XII MIPA class students of SMA Negeri 1 Kebumen was in the form of loan word lexical interference which consisted of two types, namely lexical interference with affixes and lexical interference with repeated words. Lexical interferences of words are divided into two, namely: affixed lexical interference, and verb interference. The factors that cause interference are divided into five, namely: (a) students' bilingualism, (b) students' habits of using Indonesian, (c) the language of instruction in schools uses Indonesian language more, (d) understanding and mastery of words in Javanese which low, and (e) limited vocabulary.

Keywords: Lexical interference, bilingual description text.

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahaning Perkawis

Basa minangka salah satunggaling sarana ingkang mboten saged dipunpisahaken kaliyan tiyang lan masyarakat. Basa minangka sarana komunikasi kangge sesrawungan antawisipun tiyang setunggal lan setunggalipun. Bahasa minangka sarana manunggaling bangsa wiwit saking tataran ingkang alit piyambak inggih menika kulawarga, pawiyatan, masyarakat dumugi pranatan ingkang langkung wiyar inggih menika bangsa lan nagari. Basa minangka identitas saben-saben nagari. Saben-saben nagari anggadahi basa ingkang maneka warni ingkang tamtunipun mboten sami antawis basa nagari setunggal lan setunggalipun. Basa minangka satunggaling *simbol bunyi* ingkang kaginakaken minangka sarana guneman saha pasrawungan antawis tiyang setunggal lan setunggalipun. Wonten salebeting migunakaken basa kedah kajumbuhaken kaliyan kawontenen lan budaya ing saben-saben wewengkon. Kadosta tiyang Jawi ingkang taksih ngginakaken basa ngoko nalika atur pangandikan kaliyan tiyang sepuh. Mila saking menika basa dados salah satunggaling piranti sesrawungan ingkang kaginakaken ing pasrawungan saben dintenipun. Basa ugi saged dados simbol bunyi ingkang kaginakaken minangka sarana gunem lan pasrawungan tiyang setunggal lan setunggalipun.

Siswa ing pawiyatan SMA salah satunggaling siswa ingkang nindakaken kalih *proses* penguasaan basa, inggih menika *proses* panampi basa lan *proses*

nyinaoni basa. Proses panampi basa inggih menika proses ingkang katindakaken dening lare wiwit lare menika sinau micara ngginakaken basa ibunipun. Basa Indonesia minangka basa resmi ingkang kaginakaken ing pawiyatan minangka sarana lan piranti kagem nindakaken pasinaon. Mboten namung pikantuk basa Indonesia ing papan pasrawungan kemawon siswa ugi pikantuk bahasa Indonesia saking pinten-pinten papan panggenan, piranti lan media ingkang kaginakaken ing sakiwa tengenipun kadosta saking media TV, radio, ariwarti lan internet. Sanesipun saking piranti-piranti ing nginggil para siswa ugi pikantuk pasinaon basa Indonesia kanthi langsung inggih menika nalika mirengaken guneman-guneman ingkang migunakaken basa Indonesia ing lingkungan sakiwa tengenipun. Perkawis-perkawis ingkang katuladhakaken ing nginggil salah setunggaling perkawis ingkang nyebabaken para siswa ing pawiyatan langkung kathah migunakaken basa Indonesia dipunbandhingaken kaliyan basa Jawi. Sanesipun migunakaken lan nyinaoni basa Indonesiya, siswa SMA N 1 Kebumen ugi nyinaoni basa manca kados dene basa Inggris lan basa Jepang.

Siswa SMA Negeri 1 Kebumen minangka *dwibahasawan* karena siswa kasebat saged nguwasani lan ngginakaken kalih basa kanthi kuwasisan ingkang sami ingkang kaginakaken ing salebeting pasrawungan. Saking pinten-pinten siswa ingkang migunakaken kalih basa nuwuhaken pratanda ingkang dipunsebat kaliyan *kontak* basa. Wontenipun *kontak* basa ingkang kaginakaken dening para siswa nyebabaken daya pangaribawa antawisipun basa Indonesia kaliyan basa Jawi utawi

kosok wangsulipun. Wontenipun *kontak* basa ingkang katindakaken dening para siswa nyebabaken daya pangaribawa antawisipun bahasa Indonesia kaliyan basa Jawi utawi kosok wangsulipun. Kahanan ngaten menika saged nyebabaken wontenipun *interferensi* inggih menika ngrisak kalih kaidah bahasa ingkang sampun dipunkuwasani. Basa ingkang ngalami *interferensi* menika arupi uwalipun *norma-norma* basa ingkang dipunsebabaken dening *dwibahasawan* amargi nguwasani basa sanesipun.

Sanesipun perkawis-perkawis ing nginggil *interferensi* ugi saged kasebabaken amargi siswa ing SMA Negeri 1 Kebumen nalika nindakaken guneman ing pawiyatan menapa dene ing lingkungan sakiwa tengenipun langkung asring migunakaken basa Indonesia minangka sarana gunemanipun. Wonten salebeting pasinaon ing pawiyatan para dwija ugi langkung limrah migunakaken basa indonesia minangka sarana ngandharaken materi, ingkang nyebabaken langkung kirangipun kuwasisan lan penguasaan basa Jawi ingkang dipunmangertos dening para siswa.

Interferensi saged kapanggihaken ing basa guneman menapa dene basa sinerat para siswa. Wonten salebeting basa guneman lan basa sinerat siswa kathah nindakaken *interferensi* amargi wonten ing basa paguneman lan panyeratan siwa nginakaken basa ingkang sampun dipunsinaoni lan dipunmangertosi wiwit siswa menika taksih alit. *Interferensi* ingkang limrah kaserat dening siswa saged dipuntingali wonten salebeting wacana deskripsi awujud *interferensi* leksikal.

Wonten ing salebeting karangan deskripsi siswa kathah kapanggihaken *interferensi* karana lumantar basa sinerat para siswa saged nyerat menapa kemawon ingkang wonten ing penggalhipun tanpa wontenipun pambiyantu saking tiyang sanes ingkang ndadosaken basa ingkang dipunserat langkung *natural* lan menapa wontenipun.

Adhedhasar asil *observasi* ingkang sampun katindakaken ing teks deskripsi siswa kelas XII MIPA ing SMA Negeri 1 Kebumen saged kapanggihaken wontenipun *interferensi* ing salebeting teks deskripsi para siswa. Kasunyatanipun *interferensi* leksikal ingkang kapanggihaken ing seratan karangan siswa dipunsebabaken wontenipun *alih kode* lan *campur kode*. Perkawis menika saged katindakaken amargi siswa nglebetaken ater-ater, panambang lan konstruk-konstruk basa Indonesia wonten salebeting teks deskripsi siswa ingkang nyebabaken risakipun makna basa Jawinipun.

Tuladha *interferensi* ingkang kapanggihaken ing karangan deskripsi saged dipunpirsani ing ngandhap menika.

‘*Jaman semana ya wis akeh kedadenan wong padha seneng nabuh gamelan*’.

‘Pada saat itu sudah banyak kejadian orang pada senang berlatih gamelan’.

Tembung *kedadenan* minangka tembung ingkang kainterferensi ing salebeting teks deskripsi siswa. *Kedadenan* asalipun saking tembung lingga dadi (BJ) pikantuk *konfiks/ater-ater* lan panambang (BI) {ke/-an}. *Kedadenan* terinterferensi amargi

ngrisak konstruk basa Jawi. Dhasanama tembung ingkang langkung trep ing basa Jawi inggih menika *kedadeyan*. *Interferensi* kasebat kasebabaken dening para siswa ingkang sampun biasa migunakaken basa Indonesia, ingkang nyebabaken kuwasisan ngenani penguasaan tetembungan basa Jawi langkung asor menawi dipuntandhingaken kaliyan penguasaan tetembungan basa Indonesia.

Adhedhasar tuladha ukara ing nginggil badhe katindakaken panaliten ingkang nganalisis wujud-wujud interferensi leksikal basa Indinesia ing salebeting basa Jawi ing teks deskripsi siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen. Jinis seratan deskripsi piniji amargi nggadhahi *potensi* wontenipun *interferensi* karena wonten salebeting basa tulis siswa saged nyerat menapa kemawon ingkang saweg dipunpenggalih kanthi *natural* tanpa wontenipun pambiyantu saking tiyang sanes sarta gampil anggenipun dipindokumentasikaken.

B. Identifikasi Perkawis

Adhedhasar lelarahing perkawis ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, panaliti ngidentifikasi kados ing ngandhap menika.

1. Siswa SMA Negeri 1 Kebumen nalika nindakaken picaturan ing pasrawungan langkung asring migunakaken basa Indonesia dibandingaken basa Jawi.
2. Basa ingkang kaginakaken ing salebeting pasinaon ing SMAN 1 Kebumen langkung kathah migunakaken basa Indonesia nyebabaken pakulinaning

siswa migunakaken basa Indonesia.

3. Kawruh ngenani tetembungan basa Jawi siswa ing SMA Negeri 1 Kebumen langkung asor dipunbandingaken kawruh ngengingi tetembungan basa Indonesia.
4. Siswa ing SMA Negeri 1 Kebumen minangka *dwibahasawan* ingkang nguwasani kalih basa nyebabaken *campur kode* lan *alih kode*.
5. Picaturan para siswa ingkang *dwibahasawan* nyebabaken wontenipun *iterferensi* ingkang ngrisak kaidah basa siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen
6. Wujud *interferensi* leksikal basa Indonesia ing salebeting basa Jawi wonten karangan deskripsi siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen.

C. Wewatesaning Perkawis

Adhedhasar identitasing prakawis ing nginggil, watesing pirembagan ing panaliten menika inggih menika.

1. Wujud *interferensi leksikal* basa Indonesia salebeting basa Jawi ing teks deskripsi siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen.
2. Perkawis ingkang nyebabaken wontenipun *interferensi leksikal* basa Indonesia salebeting basa Jawi ing karangan siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen.

D. Rumusaning Perkawis

Adedasar piwatesing pirembagan ing nginggil, rumusaning perkawis ing panaliten menika inggih menika.

1. Kados pundi wujudipun *interferensi leksikal* basa Indonesia ing salebeting basa Jawi ing teks deskripsi siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen.
2. Menapa kemawon perkawis ingkang nyebabaken wontenipun *interferensi leksikal* basa Indonesia ing salebeting basa Jawi ing teks deskripsi siswa kls XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen.

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar rumusaning perkawis ing nginggil, panaliten menika nggadhahi ancas kangge nggambaraken wujud *interferensi leksikal* basa Indonesia ing salebeting basa Jawi ing teks deskripsi siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen lan kagem mangertosi prakawis ingkang nyebabaken wontenipun *interferensi leksikal* basa Indonesia ing salebeting basa Jawi ing teks Deskripsi siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen.

F. Mumpangating Panaliten

Panaliten ngenani *interferensi leksikal* basa Indonesia ing salebeting basa Jawi menika nggadhahi pinten-pinten mumpangat ing antawisipun.

1. Mumpangan Kawruh utawu *Teori*

- a. Kagem pasinaon ilmu basa, asiling panaliten menika dipunkarepaken saged nambah wiyaripun panggalih gayut kaliyan *norma-norma* basa.
- b. Kagem panyerat, asil panaliten menika dipunajab saged nambah langkung lebet lan wiyaripun basa sinerat.

2. Mumpangat *Praktis* utawi Guna

- a. Kagem para dwija asil panaliten menika dipunangkah saged kaginakaken minangka referensi pasinaon kagem mangertosi sawijining teks basa Jawi lan kagem nemtokake *strategi* pasinaon kang trep gayut kaliyan katrampilan nyerat.
- b. Kagem para siswa, panaliten menika dipunangkah saged mbiyantu paring referensi babagan *interferensi* basa.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten lan andharan ngengingi *interferensi leksikal* basa Indonesia salebeting basa Jawi ing teks deskripsi siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen saged dipunpendhet dudutanipun inggih menika *interferensi leksikal* ingkang kapanggihaken ing salebeting panaliten menika arupi *interferensi leksikal* tembung andhahan lan *interferensi leksikal* tembung rangkep utawi *reduplikasi*.

1. Wujud *interferensi leksikal* ingkang kapanggihaken ing salebeting teks deskripsi siswa

a) *Interferensi* ingkang pikantuk prefiks

(1) *Interferensi* tembung lingga basa Indonesia (BI) + prefiks basa Jawi (BJ)

{m-}.

(2) *Interferensi* tembung lingga basa Indonesia (BI) + prefiks basa Jawi (BJ)

{di-}.

b) *Interferensi* ingkang pikantuk sufiks

(1) *Interferensi* tembung lingga basa Indonesia (BI) + sufiks basa Jawi (BJ)

{-e}.

- (2) *Interferensi* tembung lingga basa Indonesia (BI) + sufiks basa Jawi (BJ) {-an}.

c) *Interferensi* ingkang pikantuk konfiks

- (1) *Interferensi* tembung lingga basa Indonesia (BI) + konfiks (BJ) {di-/i}
- (2) *Interferensi* tembung lingga basa Indonesia (BI) + konfiks (BJ) {N-/i}
- ingkang arupi :
- *Interferensi* tembung lingga basa Indonesia (BI) + konfiks (BJ) {n-/i}
 - *Interferensi* tembung lingga basa Indonesia (BI) + konfiks (BJ) {ng-/i}
 - *Interferensi* tembung lingga basa Indonesia (BI) + konfiks (BJ) {m-/i}
- (3) *Interferensi* tembung lingga basa Indonesia (BI) + konfiks (BJ) {di/-aken}
- (4) *Interferensi* tembung lingga basa Jawi (BJ) + konfiks (BI) {ke-/an}

d) *Interferensi* leksikal tembung rangkep

Interferensi tembung rangkep ingkang kapanggihaken ing panaliten inggih menika *interferensi* leksikal tembung dwi lingga wutuh. *Interferensi* menika asalipun saking tembung lingga basa Indonesia ingkang dipunambali kanthi wutuh.

2 Perkawis-perkawis ingkang nyebabaken wontenipun *interferensi* leksikal ing salebeting teks deskripsi siswa SMA Negeri 1 Kebumen

- a. *Kedwibahasaan* siswa nalika nindakaken guneman ing salebeting pasrawungan padintenipun kaliyan tiyang sepah, para dwija, menapa dene prakanca.
- b. Adhat utawi pakulinan lan sampun limrahipun para siswa migunakaken basa Indonesia ing salebeting guneman wonten ing pawiyatan menapa dene ing lingkungan sakiwa tengenipun.
- c. Basa ingkang dipun ginakaken dening bapak ibu dwija ing salebeting pasinaon ing pawiyatan langkung kathah migunakaken basa Indonesia ingkang andadosaken daya pangaribawa siswa nalika guneman.
- d. Kuwasisan migunakaken tetembungan basa Jawi langkung asor dipunbandhingaken kaliyan kuwasisan migunakaken tetembungan-tetembungan basa Indonesia.
- e. Cupetipun penguasaan tetembungan basa Jawi.

B. Implikasi

Adhedhasar saking dudutan ing nginggil saged kaserataken implikasi kados ing ngandhap menika.

1. Adhedhasar saking panaliten saged dipunmangertos ngengingi *interferensi leksikal* ingkang kapanggihaken ing salebeting teks deskripsi siswa kelas XII MIPA SMA Negeri 1 Kebumen ingkang nindakaken kalepatan nalika

migunakaken basa Indonesia ing salebeting basa Jawi.

2. Asil panaliten menika saged kaginakaken minangka kawruh enggal kangge para siswa kangge ngleresaken kalepatan-kalepatan ing salebeting panyeratan teks deskripsi. Ingang dipunangkah seratan inggang dipunaturaken dening panyerat saged dipunmangertos lan dipunpahami dening para pamaos inggang dipunkarepaken mboten wontenipun kalepatan ing salebeting panampi.
3. Kangge para dwija, kanthi wontenipun asil panaliten menika dwija saged nemtokake piwulangan lan metode inggang langkung jumbuh inggang dipun ginakaken kangge piwucalan pasinaon nyerat dhumateng para siswa. Kanthi angkah kalepatan-kalepatan inggang katindakaken dening para siswa saged dipunkirangi lan mboten katindakaken ing pasinaon salajengipun.

C. Iguh Pratikel

Adhedhasar asili panaliten inggang sampun katindakaken, wonten pinten-pinten panyaruwe inggang prelu pikantuk kawigatosan ing antawisipun.

1. Ing salebeting pasinaon basa Jawi, dwija basa Jawi kedahipun tansah migunakaken basa Jawi kanti sae lan leres. Menika dipunangkah supados siswa saged pakulinan mireng lan migunakaken basa Jawi. Nalika nyerat teks utawi karangan kedahipun siswa dipunpakulinaaken kangge nyerat migunakaken basa inggang jumbuh kaliyan paugeran lan pranatan basa Jawi inggang baken. Nalika kapanggihaken interferensi ing salebeting karangan siswa, dwija kedahipun

ngleresaken interferensi ingkang kaserat dening siswa kasebat. Dwija dipunangkah supados langkung migatosaken panyeratan ing saben-saben tetembungan ingkang dipunserat dening siswa supados saged ngirangi wontenipun interferensi basa.

2. Kangge panaliti salajengipun, taksih kathah perkawis ngengingi interferensi ingkang kapanggihaken ing pawiyatan ingkang prelu pikantuk kawigatosan lan pantes dipunkaji minangka koreksi salebeting basa, satemah prelu katindakaken panaliten ing salajengipun.

KAPUSTAKAN

- Adriani, Anne. 2018. Interferensi Bahasa Sunda Terhadap Bahasa Indonesia Dalam Karangan Deskripsi Siswa SMP Kelas VII. *Jurnal Pujangga*. 4 (2) 27-46.
- A. Sayuti, Suminto. 2000. *Berkenelan dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gramedia.
- Alfiani, Candra. 2020. Analisis Kesalahan Surat Kabar Jawa Pos Radar Solo Pada Rubrik “Traveling” Edisi Bulan Januari-Maret Tahun 2020. *Kesatra* 2(1), 33-44.
- Arindra, Azhar. 2011. “Alih Kode dan Campur Kode”. Online. <http://azharchaririahmad.wordpress.com/2011/05/12/alih-kodedancampurkode>. *Jurnal Cakrawala* 3(2), 1-17.
- Aslinda dan Shafyahya, Leni. 2007. *Pengantar Sociolinguistik*. Bandung. PT Refika Aditama
- Aziez, Furqonul dan Abdul Hasmin. 2010. *Menganalisis Fiksi: Sebuah Pengantar*. Bogor: Ghalia Indonesia.
- Azwar, Saifuddin. 2010. *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Chaer, Abdul. 2013. *Kajian Bahasa Struktur Internal, Pemakaian Dan Pembelajaran*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2014. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul dan Agustina, Leonie. 2014. *Sociolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Diebold. 2004. *Sociolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta. Rineka Cipta.
- Departemen Pendidikan Nasional. 2003. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka. <http://journal.unnes.ac.id>
- Fikrulloh, Lieza. 2011. Interferensi Bahasa Betawi Pada Karangan Narasi Siswa Kelas XI SMK Miftahul Falah Cipulir Kemayoran Lama Jakarta Selatan. *Jurnal UMS*. 2(4) 1-15.
- Fishman, Joshua. 2004. *Sociolinguistics and language: A Brief Introduction*. Massachusetts: Newbury House Publishers.
- Ghozali. 2018. *Interferensi Bahasa Sunda dalam Bahasa Jawa pada Karangan Siswa Kelas 2 SLTP 2 Dayeuhluhur Kabupaten Cilacap*. *Jurnal UNY*.

- Gie, The Liang. 1995. *Pengantar Dunia Karang-Mengarang*. Yogyakarta. Liberty.
- Kitu, Nela Christina. 2014. *Alih Kode dan Campur Kode dalam Interaksi Pembelajaran pada Kelas VII A SMP Negeri 1 Jawai*. (Online). (<https://nelack.files.wordpress.com/2014/06/alih-kode-dan-campur-kodedalam-interaksi.pdf>)
- Kridalaksana, Harimurti. 2010. *Pembetulan Kata Dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Krisyanti. 2021. Interferensi Bahasa Jawa ke Dalam Bahasa Indonesia Pada Karangan Deskripsi Siswa. *Jurnal UMS*. 4(3) 1-22.
- Lismaya, Risma. 2015. the Linguistic Interference of Indonesia to Javanese in Pojok Kampung News in JTV: A Study of Sociolinguistic. *Jurnal Publika Budaya*. 11(2) 18-36.
- Mahsun. 2007. *Metode Penelitian Bahasa Edisi Revisi*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Mariana, Lisa. 2011. Interferensi Leksikal Bahasa Indonesia Dalam Bahasa Jawa Pada Berita Pawartos Jawi Tengah di Cakra Semarang TV. *Jurnal Unnes*. 6(2) 23-40.
- Maryam, Siti. 2011. Interferensi Gramatikal Bhasa Jawa dalam Bahasa Indonesia pada Proposal Program Kreativitas Mahasiswa Prodi Bahasa dan Sastra Indonesia UNY. *Jurnal Cakrawala Pendidikan UNY*. 8(5) 1-21.
- Moleong, J. Lexy. 2017. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Muslich, Masnur. 2008. *Fonologi Bahasa Indonesia Tinjauan Deskriptif Sistem Bunyi Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Bumi Aksara.
- Miles, M. B, Huberman, A. M & Saldana, J. 2014. *Qualitative Data Analysis: A Method Sourcebook (3rd ed.)*. California: SAGE Publications.
- Narbuko, Cholid dan Abu Achmadi. 2007. *Metodologi Penelitian*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1995. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Rahardi, Kunjana. 2010. *Sociolinguistik, Kode dan Alih Kode*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- Rismiyati. 2000. Interferensi Leksikal Bahasa Jawa ke dalam Bahasa Indonesia Siswa SD TK Budi Mulia 2. *Jurnal Cakrawala Pendidikan UNY*. 3(7) 28-47
- Sidu, La Ode. 2013. *Sintaksis Bahasa Indonesia*. Kendari:Unhalu Press.
- Sukardi. 2010. *Interferensi Bahasa Indonesia Ke Dalam Bahasa Jawa Dalam Mekar sari*. Jakarta. Departemen Pendidikan Nasional.
- Sumarlam. 2003. *Teori dan Praktik Analisis Wacana*. Surakarta. Pustaka Cakra.
- Sumarsono. 2017. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sutopo, H.B. 2002. *Metode Penelitian Kualitatif: Dasar Teori dan Terapannya Dalam Penelitian*. Surakarta. Universitas Sebelas Maret.
- Suwito. 2003. *Sosiolinguistik Pengantar Utama*. Surakarta: Universitas Sebelas Maret.
- Wedhawati, dkk.2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta. Departemen Pendidikan Nasional
- Weinreich, Vriel. 2007. *Languages In Contact Finding and Problems*. New York: The Hauges Mauton.
- Windarti, Nursam. 2012. *Kamus Bahasa Jawa*. Yogyakarta. Pustaka Pelajar.
- Wirasa, Yuka. 2014. Interferensi Leksikal Bahasa Indonesia Dalam Bahasa Jawa Pada Karangan Narasi Siswa Kelas VII SMP N 1 Bukateja di Kabupaten Purbalingga. *Jurnal Cakrawala Pendidikan UNY*. 6(8) 21-39
- Windarti, Nursam. 2012. *Kamus Bahasa Jawa*. Yogyakarta. Pustaka
- Zulkifli. 2018. Interferensi Morfologi Bahasa Indonesia Dalam Karangan Bahasa Makasar Siswa Kelas VII SMP N 1 Tompobulu Kabupaten Goa. *Jurnal Unima*. 5(3) 1-19.